

**Tabel 2. Analisis Wujud, Makna, dan Fungsi Bahasa Kias Personifikasi dalam Antologi Geguritan *Layang Panantang* karya Sumono Sandy Asmoro**

No.	Judul Geguritan	Geguritan	Hala -man	Makna	Fungsi
1.	LP	<p><i>gendhewa rasa dak penthang sinambi kekitrang ngoncati sepi wengi wis dudu memala lan sepa wis manjing dadi mitra</i></p> <p><i>ora ana sing perlu disingkrihi yen keplasing anggit wis nyawiji ing sumilire angin</i></p> <p><b><i>padhange rembulan bakal nuntun marang sejatine dalam kasunyatan</i></b></p> <p><i>tanpa guna bunglon peconcotan mancala putra munggel pang-pang gegayuhan pangimpenku ora bakal gogrog mung amarga kinepung pedhut-pedhut esuk awit ing walike peteng sejati ana sejatine padhang coloking panantangku mring sesuker sewu ngreridhu laku</i></p>	7	Sinar rembulan dapat memberi tanda atau petunjuk	-Menghidupkan gambaran  -Konkretisasi
2.	TSG	<p><i>wis akeh tembung sing gogrog kelangan teges nalika srengenge dioyak bocah ngarit</i></p>	8		

		<p><b>nganti langit nelangsa kelangan rupa</b></p> <p><i>nanging nganti seprene durung ana ukara sing bisa gawe mareme lemah rangka mangsa ketiga seprana-seprene bocah angon mung bisa ura-ura lelagon sepa manut ocehe manuk sriti sing tansah mabur gawe kalangan njaluk udan</i></p> <p><i>wis akeh tembung sing gogrog kelangan teges njelma dadi tembok-tembok prakosa mbendung sumilire angin sing nyebar kabar ngenani tumindak cidra sing kebacut dadi crita sambung</i></p> <p><b>nanging angin tetep dadi angin lan terus sumilir</b></p> <p><b>njawil gegodhongan supaya padha obah jalaran urip ora pinurba kuda kalah</b></p>		<p>Langit tampak gelap/tidak cerah</p> <p>Angin akan tetap berhembus menggerakkan dedaunan</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menjelaskan gambaran</p> <p>-Menghidupkan gambaran</p>
3.	GS	<p><i>saumpama anak-anakmu biyen nate kok tepungake karo panas kira-kira bae saiki ora kidhung</i></p> <p><b>srawung karo srengenge jagongan karo geni dolanan karo wawa</b></p> <p><i>saumpama anak-anakmu biyen nate kok tepungake karo adhem kira-kira bae saiki ora bingung</i></p>	11	Mengajarkan keprihatinan kepada anak	<p>-Menghidupkan gambaran -Menciptakan suasana / kesan tertentu</p>

		<p><b>kepriye carane kenalan karo udan paseduluran karo samudra memitran klawan banjir bandhang</b></p> <p><i>saumpama anak-anakmu biyen nate kok tepungake karo perih kira-kira bae saiki wis padha ngreti carane salaman karo glathi kenalan karo keris rembugan karo pedhang</i></p> <p><i>nanging emane bocah-bocah sing durung wareg ngrasakake uyah kuwi mung kok pameri tembung mukti ngusung swarga donya jroning angen-angen kang garing</i></p> <p><i>yen saiki anak-anakmu mung bisa ngrentengi impen impen wengi ora kecongah polah, ngongak jagad kasunyatan sing mbutuhake ati gumregah tangan kumrembyah sapa sing salah?</i></p>			<p>-Menghidupkan gambaran -Menciptakan suasana / kesan tertentu</p> <p>-Menghidupkan gambaran -Menciptakan suasana / kesan tertentu</p>
4.	LG	<p><b>langit ginarit nalika srengenge lali ngedum sunare</b></p> <p><i>awit ing ara-ara bocah ngarit butuh cahya supaya bisa nyawang kanthi damang ijo suket, ijone pangarep-arep</i></p>	12	Matahari tidak bersinar, dengan personifikasi digambarkan menggunakan kata <i>lali</i> 'lupa'	-Menghidupkan gambaran

		<i>kang sasuwene iki katon samun sinawung bledug mangsa ketiga sing saya mumbruk tanpa sinempyok bun-bun esuk</i>			
5.	CIM	<b>wengi sing kabotan impen mung nyawang tanpa kumecap</b> <i>nalika crita ing mripatmu siji mbaka siji dak tata jroning ati</i>  <i>pancen ana rasa perih nalika tangan iki nggrayang tumpukan buku lawas sing nate dak nggo nyathet umure rembulan sadurunge gogrog, nasang ing pucuk gedhang</i>  <i>nanging kabeh mau luwih prayoga tinimbang among nyawang sumiliring angin kesasar jroning rupa ireng ngregemeng peteng</i>  <i>sawetara iku critamu terus dak gawa lunga adoh bakal dak dandani dadi crita esuk critane jago kluruk</i>	14	Malam digambarkan hanya menjadi saksi bisu	-Menghidupkan gambaran -konkretisasi
6.	R	<b>rasa perih iki ora bakal dadi tangising ati</b> <i>aku wis nglenggana tatu sing kok tinggal ing dhadhaku</i>	20	Menggambarkan orang yang ber-besar hati atas kepedihan hidupnya	-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan

		<i>pancen wis imbang karo madu sing nate dak cecep saka lathimu</i>			-Menciptakan suasana/ kesan tertentu
7.	S	<p><i>satemene ana sandhiwara sing nggelar crita endah emane wis mapan ing lembaran dina wingi</i></p> <p><b><i>satemene ana esem ngujiwat sing bisa gawe sengseme jagad emane mung dumunung ing perangane dina wingi</i></b></p> <p><i>satemene ana cahya padhang pindha sewu lintang alihan gawe pangeram-eram emane wis kelakon duking nguni</i></p> <p><i>satemene ana rasa kangen yen pinuju noleh memburi mbiyaki lelakon dina kawuri emane senajan sewu cara wis dak coba sewu buku daksinau meksa ora ana dalan sing kena diliwati kanggo tumuju dina wingi</i></p>	23	suatu kebahagiaan yang membuat dunia ikut senang	<ul style="list-style-type: none"> <li>-Menghidupkan gambaran</li> <li>-Menimbulkan efek keindahan</li> <li>-Konkretisasi</li> </ul>

8.	PL	<p><i>ketiga rendheng tanpa leren</i>  <b>ombak gumulung mecah kasepen</b>  <b>ngidungake langgam panguripan</b>  <i>sandhuwuring wedhi-wedhi pesisir</i>  <i>sing setya nyimpen cangkriman</i>  <i>jaman</i></p> <p><i>pesisir pelang</i>  <i>papan jujugan tumrap kuntul-kuntul maneba</i>  <i>sing padha kulak pawarta</i>  <i>saka telenging samudra</i></p> <p><i>senajan bumi gonjing</i>  <i>udan salah mangsa</i>  <b>kedhep srengenge ndedawa lara</b>  <i>nanging pelang tetep nyimpen crita</i>  <i>tumrap anak putu sing butuh ngreti</i>  <i>bedane donga lan mantra</i></p>	30	-suara ombak senantiasa mengiringi perjalanan hidup	-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi
9.	TM	<p><i>syukur yen mangsa ketigamu wis mungkur</i>  <i>dak sawang saka kadohan plataranmu</i>  <i>wis dikebaki kembang abang jambu</i></p> <p><i>mitraku, golek kayu cendhana ing pangkonmu</i>  <i>sing akekudhung sutra biru pranyata bisa</i>  <i>nyungging birune samudra, maes birune angkasa</i>  <b>sing dadi papan jujugane tangan kamulyan</b>  <b>ngrentengi lintang ngranggeh rembulan</b>  <i>syukur yen mangsa ketigamu wis mungkur</i></p>	32	Pejuangan meraih cita-cita	-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan

		<p>lemah-lemah cengkar wis katon bawera  bun-bun esuk padha mara sanja  saka kadohan aku melu gumuyu rena  dene winih gurit sing nate gogrog ing atimu  saiki uga tuwuh ngrembaka  mekar tumangkar nyulami tanduran garing  sing oyode wis rantas kapangan jaman</p>			
10.	PNG	<p>Pangangenku  ngambang ing antarane rasa kangen lan kelangan  parandene  <b>kledhange ayang-ayangmu pijer kekitrang</b>  puguh  angkuh, ngucireng saka sakehing tembung wanuh  paribasan  wis ajur sikil iki nyasak eri bebondhotaning lelakon  paripaksa  durung ana sasmita kapan esemmu tumenga  panggresah  iki muga dadi lantaran tinarbukaning manah  pungkasan  muga ana keploking tangan senajan adoh ing pojoking  lelakon</p>	34	<p>Bayangan sese-  orang yang masih  terus muncul</p>	<p>-Menghidupkan  gambaran  -Konkretisasi</p>
11.	EW	<p><b>wis dak niyati, arep nurokake ati</b>  ing wengi iki  tanpa guna tetembangan  yen tatu isih arang kranjang  ya mung kari pasrah  usada sing isih bisa kecongah</p>	35	<p>Tekad untuk me-  redam hati kare-na  sedang sakit hati</p>	<p>-Menghidupkan  gambaran  -Menimbulkan  efek keindahan  -Konkretisasi</p>

		<p><i>mula dyah, saiki aku sumarah kopi sacingkir pawewehmu wingi wis bisa mbeningake ati senajan saiki langit kinepung mendhung aku ora bingung jalaran lintang waluku wis pindhah ing netramu</i></p>			
12.	EPG	<p><i>lumantar pucuking wengi aku nggugah sepimu <b>dak wanek-wanekake nembang kinanthi senajan swara iki isih amping-amping ing pojoking tangis</b> mung beteke ora kepengin kedhisikan tekane panglong sing bakal mbuntel cakrawala nganggo rupa ireng ngregemeng peteng</i></p> <p><i>mumpung isih ana satleraman cahya pepadhang, nimas ayo diringkesi ati sing kebacut ajur iki <b>sapa ngreti ing antarane rasa lara isih ana winih tresna kanggo nggusah sepi</b> ing pucuking wengi sing kebak pepali iki</i></p>	36	<p>Berusaha tegar walau dalam kesedihan</p> <p>Suatu harapan akan adanya cinta baru untuk menghilangkan kesepian</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi</p> <p>-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi</p>
13.	WI	<p><i>aku ngreti yen wengi iki kowe nangis ngguguk ing paturon</i></p>	37		



		<p><i>nggetuni tangan sing durung gaduk ngranggeh lintang alihan kamangka cahya sing pating krelip kuning sinangling kuwi wis sawetara suwe kasimpen primpen ing pojoking angen</i></p> <p><i>aku ngreti wengi iki kowe nangis ngguguk ing paturon <b>luhmu bakal mili mbrengkali</b> werdine impen kadaradasih sing sasuwene iki kandheg ing tembung saumpama</i></p>		<p>Merenung dan mengambil hikmah saat tertimpa kesedihan</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p>
14.	KM	<p><b><i>kembar mayang wis mapag tekamu, kadang mapag tekane dina-dina anyar</i></b> <i>ing kono werdining urip bakal kababar awit kupu sajodho wis sumadya tetegar nyasak jembare awang-awang nyebar wangine kembang sawise tetahunan tapa ngrame wujud enthung gedhe cobane saiki wis luwar saiki wis ketemu sempalane iga wekas sing tetahunan ilang gawe was sumelang</i></p> <p><b><i>kembar mayang wis mapag tekamu, kadang</i></b></p>	38	<p>Kembar mayang menjadi simbol suatu perubahan dalam hidup</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p>

		<p><i>kembaraning karep sangu numpak baitaning bebrayan kanggo nyabrang segaraning urip muga sembada tumapak ing gisiking gegayuhan</i></p>			gambaran
15.	JK	<p><i>mitra, dina iki soroting srengenge mbabar kaendahan awit ing saben pucuk godhong sinungging <b>welingé angin sumilir</b> <b>sing wis saguh kinarya pangiringe lakumu</b> jroning netepi kewajibane umat ngrakit prajanjen endah sangarepe janur kuning rinengga pepaeslan kembang lan klapa gadhing sandhuwure gedhang raja</i></p> <p><i>dina iki soroting srengenge mbabar kaendahan lumantar janur kuning rinengga pepaeslan kembang mitra, aja sangga runggi lelakon kawuri ora perlu digetuni yen antarane biyen lan saiki nyimpen sewu petungan ing sadawane dalam iki cangkrimaning urip bakal kabatang</i></p>	39	Angin terus bergerak mengiringi perjalanan hidup	-Menghidupkan gambaran
16.	GLA	<p><b>lintang alit</b> <b>saben wengi jerat-jerit</b> <b>swarane nggrantes ngrenda ati pepes</b> <i>nelahi wayah mbaka wayah ngupadi werdining sepi milah tan wenang amilih tundhone amung bisa pasrah nglenggana menawa rahina dudu duweke</i></p>	40	Kehidupan rakyat kecil yang masih menderita, penuh dengan permasalahan	-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan -Menimbulkan suasana/ kesan tertentu

		<p><i>lintang alit, lintang alit kelap-kelip ing kamare langit sapa nganggit yen saben kledhange tansah ginupit kodrating urip</i></p> <p><b><i>lintang alit lintange wengi kijenan tanpa rowang nyangking sabentel cangkriman sing durung kabatang</i></b></p> <p><i>apa isih ana kang ngemu teges ing plataraning langit kang anyep, sepi, nggrantes? sedheng lelakon mbaka lelakon tansah nyeret ati menyang kamuspraning wengi sing jembar tanpa wates iki</i></p>			<p>Rakyat kecil me- miliki per- masalah hidup yang belum ter- selesaikan</p>	<p>-Menghidupkan gambaran</p>
17.	JL	<p><b><i>angin sing ngampirake laku nglungguhake aku lan kowe</i></b> <i>runtut kaya wayang simpingan sangarepe dhalang pindhane ukara banjur dipantha-pantha jejer, lesan, lan wasesane adhuh mitra, aku lan kowe jebul nate ngombe banyu sing padha segere lungguh ing klasa sing padha jembare liwat dalam sing padha lempenge senajan seje mangsane</i></p>	43	<p>Angin menjadi pengiring perjalanan dua orang yang ber-ada pada satu pandangan hidup</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi</p>	

		<p><i>angin sing nglampirake laku nglungguhake aku lan kowe bawa rasa sawetara ngonceki cangkriman ketiga sadurunge bebarengan ngeli turut lakune dina sing nggawa werna-werna patembaya</i></p>			
18.	MD	<p><b><i>yen mendhung padha glimpungan pacak baris ing awang-awang tenane kuwi kabeh lupute srengenge sing emoh ndandani kawicaksanane</i></b>  <i>“sabda pandhita ratu tan kena wola-wali” ngono wangsulane nalika angina nakokake yagene dheweke ora nggatekake swara sora sing njaluk kawigaten kae kamangka pancen wis suwe lemah rangka mangsa ketiga ngelak tumetese bun-bun tresna nanging nyatane nganti seprene sing dirasakake mung panas swara santak ngabarake hawa panas kawicaksanane srengenge malah gawe swasana saya panas apa pancen critane jagad wis meh tuntas?!</i></p>	45	<p>Mendung diartikan sebagai rakyat yang sedang gelisah karena seorang pemimpin yang tidak mau memperbaiki perilaku dan kebijakannya</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan  -Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan  -Menimbulkan efek keindahan -Konkretisasi</p>
19.	JP	<p><b><i>ombaking segara ngelus gisiking ati nyolong gurit kang sumampir ing senar pancing binuncang nyiram lungka-lungka ketiga awang-awang koncatan lintang</i></b></p>	46	<p>Suasa hati yang sedang murung dan membutuhkan</p>	<p>-Menghidupkan gambaran</p>

		<p><i>rembulan surem tanpa guwaya kepengin lumban ing beninge samudra</i></p> <p><i>angin sumilir nyambung pangrasa ngudang pitakon kapan kelakon awan lan bengi dadi salemban sapa aruh linambaran godhong suruh kangene suwung cinindra mendhung sabene klebate nyolong jantung ndhedher wuyung</i></p>		<p>kesegaran</p> <p>Seseorang yang sedang jatuh cinta dan masih terus berharap cintanya akan tersampaikan</p>	<p>gambaran</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>-Menjelaskan gambaran</li> <li>-Menghidupkan gambaran</li> <li>-Menimbulkan efek keindahan</li> </ul>
20.	KKK	<p><i>kepengin rasane bisa mumbul kaya kapuk sinentor angin bisa kekitrang ing awang-awang kumleyang tanpa sanggan bisa nyalami godhong-godhong sing nate ngayomi bisa nggrayang pang-pang sing nate dianggo gandhulan bisa nyimpen impen lungit sundhul langit emane seprana seprene durung ana angin sumilir sing kuwat njebol sikil kang kebacut mancep ing ara-ara bola-bali sing mampir mung wirama banjir gawe ati kentir campur larahan sapirang-pirang nyesegake ambegan</i></p>	49	<p>Berterimakasih kepada pihak-pihak yang selama ini telah berjasa</p> <p>Keadaan hidup yang belum mengalami perubahan</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>-Menghidupkan gambaran</li> <li>-Menimbulkan efek keindahan</li> <li>-Menghidupkan gambaran</li> <li>-Konkretisasi</li> </ul>
21.	PP	<p><i>apa isih ana sing wani ngungalake dhadha yen kutha sing nate nglairake srengenge</i></p>	50		

		<p><i>saiki ngutahake abang getih?</i></p> <p><i>layare jagad wis tinarbuka ireng lan putih kabeh wis pirs wis wancine singa awulu domba digiring menyang pagrogolan</i></p> <p><i>dudu jamane nguri-uri tunggakan kempladhih sing padha silih ungkih nyingitake pamrih <b>supaya kutha sing sambat perih ora kakehan ngutahake getih sumbering pangrintih kudu katindhah</b></i></p>		Keadaan kota yang tidak makmur	<ul style="list-style-type: none"> <li>-Menghidupkan gambaran</li> <li>-Menimbulkan efek keindahan</li> <li>-Konkretisasi</li> </ul>
22.	PNS	<p><i>srengenge sansaya panas ing imbang kulon ngobong godhong-godhong cemara gogrog sore sing isih adoh saka karepe bocah angon sing mbutuhke segere hawa <b>kaya nalika angin sumilir nyebar gandane kembang-kembang kacang saka pategalan</b></i></p> <p><i>srengenge sansaya panas ing imbang kulon ungak-ungak cendhela</i></p> <p><i>eseme abang kebak kamenangan sajake durung rumangsa</i></p>	52	Matahari menggambarkan seseorang pemimpin yang tidak mampu memberikan kemakmuran dan tidak merasa sudah waktunya untuk digantikan oleh pemimpin baru	<ul style="list-style-type: none"> <li>-Menghidupkan gambaran</li> <li>-Menciptakan suasana/ kesan tertentu</li> <li>-Menghidupkan gambaran</li> <li>-Menjelaskan gambaran</li> <li>-Menghidupkan</li> </ul>

		<i>wis wancine gumanti mangsa</i>			-Menimbulkan efek keindahan
23.	CA	<p><i>awan iki wis ilang gambaran kerukunan tumrap para menjangan sing padha-padha playon ing alas ndedawa napas kamangka mau nalika ocehing manuk ing gegrumbulan aweh pratandha tumekaning esuk <b>menjangan-menjangan padha guyon parikena</b> holobis kuntul baris tan kamba manunggalake rasa sakabehing pepalang linumpatan abot entheng sinangga bebarengan</i></p> <p><i>awan iki wis ilang gambaran kerukunan ing sela-selaning napas mung kari cumanthel esem sepa sajak kapeksa <b>kamangka srengenge wis nganther ing ndhuwur bener</b> sedhela maneh bakal ngglewang mangulon banjur nyandi parane?</i></p> <p><i>awan iki wis ilang gambaran kerukunan sing isih bisa disawang saka saben kedhep mripat mung rasa kemrungsung ngrangsang gunung golek menang sikut-sikutan karo rowang</i></p>	53	<p>Suatu kerukunan dan persatuan yang cepat ter-pecah kembali</p> <p>Matahari memberi pertanda bahwa sudah tidak banyak waktu yang ter-sisa, seperti siang yang sebentar lagi akan ber-ganti malam</p>	<p>-Menghidupkan gambaran</p> <p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p>
24.	GAA	<i>pancen awang-awang mung saderma dadi ajang nalika kuntul-kuntul kumleyang rebut banter nothog puser srengenge nalika crita angkasa</i>	54	Keadaan rakyat kecil yang	-Menghidupkan

		<p><i><b>durung bisa ngowahi nasibe suket grinting sing pasrah sumarah sandhuwuring lemah padhas</b></i></p> <p><i><b>pancen awang-awang mung dadi ajang ora wenang nyuraki kuntul-kuntul kumleyang rebut menang wusana candhikala kasimpar saka plataraning langit sumilire angin mung bisa ngemuli prawan sunthi sing bingung ngukur dawane jantung jroning omah suwung</b></i></p>		<p>berubah menjadi lebih baik</p> <p>Awang-awang diartikan sebagai negara yang hanya menjadi penyelenggara, tidak berhak memberi komen-tar terhadap calon pemimpin yang berebut menang</p>	<p>-Menimbulkan efek keindahan</p> <p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p>
25.	NT	<p><i>wengi iki aku wiwit jumangkah nyasak dalan sapecak napak tilas sikil-sikil tatu lakune pandhawa sing kalah main dhadhu perih iki wohing kajujuran kang disebratake dening para culika sing ngaku dhadha satriya ya iki werdhine impen kadaradasih <b>nalika kuncaraning langit koncatan kedhep lintang lan esem rembulan</b></i></p> <p><i>wengi iki aku wiwit jumangkah napak tilas lakune pandhawa kalah main dhadhu iki pendhadharan sejati</i></p>	55	<p>Gambaran langit yang kehilangan keindahannya karena tidak dihiasi oleh bintang dan rembulan</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p>



		<i>iki pangumbaran sejati tumrap winih-winih kesisih sing negesi werdining perih</i>			
26.	TG	<i>senajan mung sagebyaring thathit <b>kledhange ayang-ayang sing mlumpat sungapaning bengawan</b> <b>ninggal tenger rasa geter tandha sapatemon</b> awujud tembange angin kanthi wirama langgam karerantan rerumpakan tangise rembulan blundrah getih</i>  <i>nanging panglonging wengi dudu wates kang njalari dina candhake kelangan teges angin isih bakal terus sumilr nyalami bocah dolanan sing kepingin menehi teges marang saben clorot sunar rembulan senajan ora wutuh bunder seser merak ati kaya pinuju purnamasidhi</i>	57	Pertemuan singkat yang menimbulkan kegundahan	-Menghidupkan gambaran
27.	SGG	<i>tembang panantang cengkok palaran kasigeg perang gagal wis rampung umbul-umbul lan gendera wis dilempiti jroning kothak para senapati ngetung tuna rugi</i>  <i><b>blencong sumunar kencar-kencar nyoloki sewu tatu sing isih ker</b></i>	59	Luka hati yang masih tertinggal	-Menghidupkan gambaran

		<p><b>ing pakeliran</b>  <i>munggel impene para panggedhe</i>  <i>sing nggege mangsa</i>  <i>tumurune wahyu mahkutharama</i></p> <p><b>lamat-lamat gerongane waranggana</b>  <b>ngangetake swasana</b>  <b>nggugah sing padha ketungkul mbundheli</b>  <b>ratu kenci</b>  <i>: sawetara iku suluking dhalang aweh sasmita</i>  <i>wis wancine ngancik ponang gara-gara</i></p>		<p>Tanda - tanda perubahan zaman, menyadarkan orang yang tengah terlena oleh kesibukannya</p>	<p>-Menghidupkan gambaran</p>
28.	PLj	<p><i>ing pojok lor kulon isih katon</i>  <i>wewayangane nyonya susana</i>  <i>mamerake rambut pirang dawa sabangkekan</i>  <i>yakuwi susuhing akal prambataning nalar</i>  <i>nalika sisuta sinaya sarowange diperes kringete</i>  <i>holobis kuntul baris</i>  <i>yen ora manut mungsuhe mimis</i></p> <p><i>ing pojok lor wetan</i>  <i>sapandurat katon gumawang</i>  <i>wewangunan kuna nyimpen warna-warna</i>  <i>pangrasa</i>  <i>duk kalane angin sumilir</i>  <i>sisuta sinaya sakancane padha nglilir</i>  <i>mung antening pikir sing ora kentir</i>  <i>nalika segara rob, kali panggul banjir</i></p>	64		

		<p><i>protelon loji</i>  <i>njenggureng anteng nyimpen sewu wewadi</i>  <i>yen dalam sidhatan iki dak lumpati</i>  <i>playuning ati bakal tumapak ing endi?</i></p>		<p>Persimpangan jalan yang menyimpan rahasia atas arah dan akibat yang akan didapatkan setelah melewatinya</p>	<p>-Menghidupkan gambaran  -Menimbulkan efek keindahan  -Menciptakan suasana/ kesan tertentu</p>
29.	SUJA	<p><i>dudu impen kadaradasih</i>  <i>yen esuk iki aku nemu gurit</i>  <i>ing mripatmu</i>  <i>jalaran tetesing bun</i>  <i>ora nate aweh tengara</i>  <i>yen abure merak sing biyen kedhungsangan</i>  <i>saiki bali menyang kurungan</i>  <i>sinambi ngiwi-iwi mbebeda ati ketiga</i>  <i>sing seprana-seprene gumlethak</i>  <i>ing antarane wengi-wengi sepi</i>  <i>tanpa ana obahing kangen</i>  <i>sing njalari ati gumregah polah</i>  <i>ngungak jagad anyar kebak kembang-kembang mekar</i>  <i>ngretiya ngono dak jarake bae</i>  <b><i>kluruke sing jago kate</i></b>  <b><i>sing nawakake obor blarak</i></b>  <i>coloking laku sapecak</i>  <i>nalika wengi durung sumilak</i>  <i>ah, nanging urip iki nyakra manggilingan</i>  <i>aku trima nintingi guritanmu</i>  <i>sing saiki urip jroning atiku</i></p>	65	<p>Penawaran bantuan kepada seseorang yang sedang mendapatkan permasalahan</p>	<p>-Menghidupkan gambaran</p>

30.	NTK	<p><b>kangenku kaya ketiga</b>  <b>sing kepengin weruh gebyaring thathit</b>  ginugah sumiliring angin sore  sing nyebar kabar jingga  lumantar aruming melati rinonce</p> <p>kangenku marang (aku)  sing biyen tanpa leren mecah kasepen  lumantar swara ombak  kang gumulung atimu  sing biyen wani kedhungsangan mecaki galengan  senajan panase srengenge  ngobong bun-bunan  sing biyen wani nrajang sepi  ngoyak kelipe konang  kang gawe cangkriman ing pategalan</p> <p>kangenku kaya ketiga sing kepengin weruh  gebyaring thathit</p>	66	Rasa rindu yang sulit untuk mencari obatnya	-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi
31.	TPg	<p>dak oyak saben obahing kayon  mburu susuhing angin  parandene durung ana tresna kang katon  ing antarane pang-pang garing</p> <p><b>ana ngendi disingitake ocehing jalak</b>  <b>sing biyen nate crita perkara janji ketiga</b>  rikala ngumandhanging pupuh tembang pangruwatan  disenggaki bocah dolanan</p>	72	Janji yang belum ditepati	-Menghidupkan gambaran

		<p><i>sinambi adus sunar rembulan</i></p> <p><i>dak oyak saben obahing kayon</i></p> <p><i>mburu susuhing angin</i></p> <p><i>mbokmenawa mbarengi tetesing bun-bun ketiga</i></p> <p><i>ana pupus sing isih gelem trubus</i></p> <p><i>gawe segere pangrasa mekare panggantha</i></p> <p><i>sing sasuwene iki garing</i></p> <p><i>tan sinempyok sumilire angin</i></p>			
32.	EJ	<p><b><i>rembulan sumunar cahya kencana</i></b></p> <p><b><i>mulas langit biru banyu segara</i></b></p> <p><i>aku dolanan ing sangisore</i></p> <p><i>sinambi ngrapal mantra tembang tresna</i></p> <p><b><i>ngenteni purnama pungkasan</i></b></p> <p><b><i>sing nggawa pawarta jingga</i></b></p>	75	Menanti kepastian waktu kisah asmaranya akan terwujud	<p>-Menghidupkan gambaran</p> <p>-Menghidupkan gambaran</p> <p>-Menimbulkan efek keindahan</p>
33.	TC	<p><i>playuku ngoyak angin</i></p> <p><i>nyangking tembang sing ilang</i></p> <p><i>cakepane</i></p> <p><i>kepalang jati ngarang</i></p> <p><i>papane manuk platuk gawe</i></p> <p><i>gowokan</i></p> <p><i>ing kono sing ana</i></p> <p><i>mung okeh tanpa wirama</i></p> <p><i>parandene disubya-subya</i></p> <p><i>tanpa beda temanten anyar</i></p> <p><i>sing lagi ngresepi</i></p> <p><i>werdine kembar mayang</i></p>	77		

		<p><i>rinengga pepaes an kembang sawetara iku angin sore saya banter playune lan sagatra tembang tanpa cakepan isih gawang-gawang cat katon cat ilang kecelik ing waliking candhikala kinukup gendhinge wong semaya</i></p>		<p>Waktu terasa berjalan cepat namun yang didapatkan hanya kekecewaan akibat penghianatan janji</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan  -Menghidupkan gambaran</p>
34.	MT	<p><i>ora perlu bingung iki wancine mendhung tumlawung theyot-theblung theyot-theblung ing blumbang kodhok ngorek gawe liwung</i></p> <p><i>begjane tani utun isih kober nandur pohung lan jagung esuk ngukup kulup lembayung bengine diuran-urani swara walang kadung</i></p> <p><i>iki wancine mendhung tumlawung aja mutung krungu pait getiring tembung sebab ing gedhung-gedhung akeh wong mendem kecubung adhuh bapa, adhuh biyung rambut dawa ora digelung tekaku saderma tetulung rampung gawene malah ditundhung</i></p>	78	<p>Kehidupan petani yang rajin, pagi memetik hasil lading, malam beristirahat ditemani suara belalang</p>	<p>-Menghidupkan gambaran</p>

35.	AAR	<p><i>katon meneh ayang-ayang rembulan ing sanjerone gelas kothong nalika rasa mumet ing sirah durung ilang wis ora ana maneh sing bisa dilangga kanggo nutugake mendem gayeng ing surup peteng iki <b>sawetara iku ayang-ayang rembulan terus ngrangsang kepingin dilangga menyang lambe sing isih teteh nyuwara ha-na-ca-ra-ka iki mendemku iki mabukku sing terus jejogedan rinengga gendhing dolanan jroning kalangan asli nalika ing adoh kana wong-wong keli ing ulegane arus westernisani</b></i></p>	80	<p>Seseorang yang masih memegang budaya leluhur memiliki daya tarik bagi orang di sekitarnya</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi</p>
36.	LW1	<p><b>wengi sing lungkrah nyingitake rasa kangen marang gumebyare hawa kutha sing nate ngajak playon ngoyak angen-angen kumleyang sadowane trotoar ing kono gumebyare lampu-lampu dalam kaya lagi pasang sawijining cangkriman yen bengi lan awan ora mung perkara peteng utawa padhang <b>sawayah-wayah napas-napas lawas</b></b></p>	82	<p>Rasa rindu terhadap suasana kota yang pernah menjadi tempat tinggalnya</p> <p>Sewaktu-waktu, semangat</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi</p> <p>-Menghidupkan</p>

		<i>bisa gumregah polah ninthingi werdining pangimpen ing saben-saben mrambat ing sadawane rambut kalamun mručut mung bisa diwadhahi nganggo atine dhewe-dhewe</i>		pernah ada bisa bangkit kembali	
37.	SJK	<i>swara jago kluruk miyak watese wengi lan esuk ing sisih wetan ngegla cahya mbranang padhang peparing-E sanalika gawe gumregahe ati rengka tetahunan ngliwati dina sepa kebak panggodha</i>  <i>swara jago kluruk mungkasi kamurane uler-uler serit ngrangsang ijone gegodhongan jroning alas jati kebak wewadi mungkasi panalangsane enthung-enthung gumantung kelangan petung</i>  <i>swara jago kluruk mbabar lumakune crita-crita anyar jroning panggung sandhiwara tanpa layar</i>	85	Suara kokok ayam jago menjadi pertanda perubahan waktu yang diiringi dengan perubahan keadaan, dan cerita baru yang akan dimulai	-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan  -Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan  -Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan
38.	MLS	<i>sawise ana jago kluruk esuk nalika pang trembesi ame ocehing manuk</i>  <i>sawise suket-suket teles ketiban bun-bun esuk nalika pedhut klawu ngreridhu laku</i>	86		



		<p><i>ing sawijining esuk aku mbukak lawang pangarep-arep ngetung mungguh mudhune karep</i></p> <p><i>nalika ing cakruk wis ora tinemu wong thenguk-thenguk nalika ing sdawane laku wis ora keprungu swara umuk aku mapag laire srengenge <b>wangine rambutmu sing ngancani nata dina-dina mburi kebak pangaji</b></i></p>		<p>Perjuangan memperbaiki keadaan, menata hari baru penuh pengharapan, ditemani seseorang yang berarti</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan -Konkretisasi</p>
39.	EMP	<p><i>aku lan kowe tetela kalah wicaksana karo konang ing pategalan dheweke luwih tanggap lan bisa maca sasmita cecawis colok kanggo miyak petenging wengi sing bakal diliwati</i></p>	90	<p>Manusia dapat mengambil pelajaran hidup dari alam sekitar</p>	<p>-Menghidupkan gambaran</p>
40.	SR	<p><i>taun anyar sing tanpa swara trompet lan kelipe kembang api sing ana mung perban putih mbuntel perihing ati sing tatu ing mangsa labuh iki</i></p> <p><i>swara sing mrojol ing kupingku <b>mung swarane angin sore sing ngabarake pedhote rante</b> sadurunge rodha panjangka gumlindhing tatas nuntasake sesanggeman</i></p>	91	<p>Kabar buruk mengenai suatu kegagalan yang digambarkan dengan putusnnya rantai</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan -Konkretisasi</p>

		<i>crita sepi wis wancine ditinggal ing bang wetan wis katon cahya sumunar tandha yekti crita anyar bakal kababar</i>			
41.	KR	<p><b>sawangen keluk rokok sing mumbul menek langit nggawa reroncenku</b> <i>sing durung kober dak pulas mawa werna jingga parandene wis dadi kabar sinebar mbok bakul sinambi wara dadi pawarta mirunggan sadawane dalam</i></p> <p><b>sawangen keluk rokok sing mumbul menek langit nyangking crita carangan</b> <i>sing panase ngembari srengenge gawe garinge oyot-oyot lumut sing nyoba nintingi werdining urip ing watu item kebak panganggit</i></p> <p><b>sawangen keluk rokok sing menek langit ngronce maewu-ewu crita sore</b> <i>sing durung karuwan kapan tancep kayone</i></p>	94	Kabar yang belum jelas kebenarannya, tersebar dari mulut ke mulut dan menjadi berita penting ( <i>mirunggan</i> ) di berbagai tempat	<p>-Menghidupkan gambaran -Menjelaskan gambaran</p> <p>-Menghidupkan gambaran -Menjelaskan gambaran</p> <p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p>
42.	TJ	<i>lilalana aku ngonceki tresna sing gumlethak ing sangisore wit cemara senajan bumi bengkah tangis kutah lan abure manuk podhang kedhungangan kelangan pencokan nanging apa iya kabeh kudu salin slaga dadi singa awulu domba ngendelake landheping suing kekering panguwasa</i>	96		

		<p><i>ngalor ngidul ngronce tembung lelamisan njaremake tatune jaman?</i></p> <p><i>lilalana kau nintingi tresna sing sumebar sadawane wedhi putih sadawane pesisir <b>senajan sumilire angin wis ora nyangking gendhing-gendhing dolanan naging apa iya kabeh kudu tiwikrama wujud denawa nggadhang dumadine grahanan ngabangake tatune jaman?</b></i></p> <p><i>lilalana aku nyangkok winih tresna sing thukul ing antarane alang-alang ngrangsang ngelak tumetese banyu udan sapa ngreti esem ngujiwate kena kanggo nambani tatune jaman sing saya suwe katon abang mlerah ngucemake lembaran sejarah</i></p>		<p>Keteguhan sikap/ prinsip hidup</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi</p>
43.	LK	<p><i>dak kirim layang ketiga werna jingga marang wangine kuthamu muga bisa kok mangerteni sambate ati nela sing ora bakal teles siniram udan kiriman pancen seprana-seprene pijer dadi lakon <b>tutwuri gremete karep sing kala-kala kudu mlaku lumawan iline banyu</b></i></p> <p><i>iki sambat sebut suluk pathet sanga sing kebacut ajur katindhes wengise crita</i></p>	97	<p>Mengikuti kata hati yang kadang harus berjalan melawan arus sekitar</p>	<p>-Menghidupkan gambaran -Konkretisasi</p>

		<p><i>senajan ora duwe karep jaluk kawelasan nanging cukup dadi tengara yen dalam sidhatan iki dudu pungkasan kanggo sawijining pangumbaran</i></p>			
44.	MM	<p><i>rambutmu teles, atiku kekes <b>nyalami grimis sing mungkasi mangsa rendheg taun iki</b> wis ora ana maneh tresna sing kentir ing ulegane banjir aku lan kowe ngadeg dhewe-dhewe ing sandhuwure lemah bengkah mung ijone suket sing isih bisa rumaket nyawiji tumetese bun tumrap ati nela mangsa ketiga sedheng rasa kangen wis ilang kabuncang angin, embuh tibane ora karuwan kapan baline</i></p>	99	Suasana perpisahan	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p>
45.	ISK	<p><i>swara gamelan wis ngumandhang, dhalang wiwit janturan <b>ing mburi pakeliran ana crita carangan kang lagi bae dikarang dening lintang lan rembulan</b></i></p> <p><i>irama gendhing wis ngancik pathet sanga, dhalang nyandra kasulistyane wara sembadra <b>ing mburi pakeliran lintang lan rembulan nembang asmaradana</b></i></p>	101	Sepasang insan yang kasmaran/ jatuh cinta sedang memulai kisah cintanya	<p>-Menghidupkan gambaran -Menimbulkan efek keindahan</p> <p>-Menghidupkan</p>

		<p>gunungan kajunjung diobahake munggah mudhun  tancep kayon  ing mburi pakeliran lintang lan rembulan  wus ora katon  ing salemba kertas tilas buntel kacang kang  mentas dianggo lungguhan katon ana tulisan  : "idhe lungit wis kaanggit  crita anyar bakal kababar"</p>			
46.	TW	<p>esuk iki esemmu pecah  <b>kaya kudhup melathi mbabar ganda wangi</b>  kaya pletheking srengenge sumadya ngedum  sunare  awit ombak ing pesisir palang wis aweh pralambang  yen anggonmu ngangsu kawruh sinambi mesu budi  wis tekan titi purnaning gati  <b>ocehing kepodhang ing wit-witan</b>  <b>melu manembrama njampangi lakune siswa kinasih</b>  <b>kang lulus pendadaran</b></p> <p>esuk iki sliramu tumapak ing kene  ing tapel wates  mitra rowang sing sakawit gandhengan tangan  titi mangsa iki kudu sewang-sewangan  ati emoh pisah  nanging sikil kudu tetep jumangkah  kanggo ngoyak jangkaning sejarah  pisah dudu pratandha enteking tresna  iki mung laku murih kelakon sawijining lakon</p>	105	Suasana kegembiraan/ bahagia karena lulus ujian	<p>-Menghidupkan gambaran -Menjelaskan gambaran</p> <p>-Menghidupkan gambaran</p>

47.	TP	<p><b>angen-angenku ngumbara mencok ing tugu pahlawan nyawang papan gogroge kembang</b>  <i>puluhan taun kapungkur</i>  <i>sing ganda arume isih ngambar nganti seprene</i>  <i>angen-angenku ngumbara mencok ing tugu pahlawan surabaya katon ngegla dalam dalam padhet kendharaan ing kene</i>  <i>awan lan bengi wis ora ana bedane rame gumerite</i>  <i>angkutan ngusung arak-arakan buruh pabrik kaya lagon lawas semut ireng golek ambeng</i></p> <p><i>saka kadohan dak ungak wengine ketintang</i>  <i>atiku nate perih ing kana</i>  <i>nalika ngrajut bolah sutra warna jingga</i></p> <p><i>angen-angenku ngumbara mencok ing tugu pahlawan melu dadi seksi yen urip iki patembayatan</i></p>	107	Kenangan yang masih membekas dan terjaga sampai sekarang	<p>-Menghidupkan gambaran  -Konkretisasi</p> <p>-Menghidupkan gambaran</p>
48.	ER	<p><b>saiki dheweke enthung nulad kesabarane angin nglalekake ijone gegodhongan</b>  <i>jroning napase kebak panggadhang</i>  <i>tuwuhing owah-owahan</i></p>	110	Seseorang yang menjalani prihatin	-Menghidupkan gambaran

## TERJEMAHAN

GeguritanTerjemahan

## 1. Layang Panantang

*gendhewa rasa dak penthang  
sinambi kekitrang ngoncati sepi  
wengi wis dudu memala  
lan sepa wis manjing dadi mitra*

busur rasa ku bentangkan  
sambil mengembara menghindari sepi  
malam sudah bukan halangan  
dan hampa sudah masuk menjadi teman

*ora ana sing perlu disingkrihi  
yen keplasing anggit wis nyawiji  
ing sumilire angin  
padhange rembulan bakal nuntun  
marang sejatine dalam kasunyatan*

tidak ada yang perlu dihindari  
jika sekilas gagasan sudah menjadi satu  
dengan semilirnya angin  
terangnya rembulan akan menuntun  
pada sejatinya jalan kehidupan yang sesungguhnya

*tanpa guna bunglon pencolotan  
mancala putra  
munggel pang-pang gegayuhan  
pangimpenku ora bakal gogrog  
mung amarga kinepung  
pedhut-pedhut esuk  
awit ing walike peteng sejati  
ana sejatine padhang  
coloking panantangku  
mring sesuker sewu ngreridhu laku*

tidak ada gunanya bunglon berlompatan  
berubah wujud  
mematahkan ranting-ranting harapan  
impianku tidak akan runtuh  
hanya karena terkepung  
kabut-kabut pagi  
karena di balik gelap sejati  
ada sejatinya terang  
penantangku  
pada rintangan seribu mengganggu perjalanan

## 2. Tembung Sing Gogrog

*wis akeh tembung sing gogrog  
kelangan teges  
nalika srengenge dioyak bocah ngarit  
nganti langit nelangsa kelangan rupa*

sudah banyak kata yang gugur  
kehilangan makna  
ketika matahari dikejar anak merumput  
sampai langit nelangsa kehilangan warna

*nanging nganti seprene durung ana ukara  
sing bisa gawe mareme lemah rengka  
mangsa ketiga  
seprana-seprene bocah angon mung  
bisa ura-ura  
lelagon sepa manut ocehe manuk sriti  
sing tansah mabur gawe kalangan  
njaluk udan*

tapi sampai sekarang belum ada kalimat  
yang bisa membuat puasny tanah retak musim  
kemarau  
sampai sekarang anak mengembara hanya bisa  
bernyanyi  
nyanyian hampa mengikuti okeh burung sriti  
yang senantiasa terbang membuat putaran  
meminta hujan

*wis akeh tembung sing gogrog  
kelangan teges*

sudah banyak kata yang gugur  
kehilangan makna

*njelma dadi tembok-tembok prakosa  
mbendung sumilire angin sing nyebar kabar  
ngenani tumindak cidra sing kebacut dadi  
crita sambung  
nanging angin tetep dadi angin  
lan terus sumilir  
njawil gegodhongan supaya padha obah  
jalaran urip ora pinurba kuda kalah*

### 3. Gurit Saumpama

*saumpama anak-anakmu biyen  
nate kok tepungake karo panas  
kira-kira bae saiki ora kidhung  
srawung karo srengenge  
jagongan karo geni  
dolanan karo wawa*

*saumpama anak-anakmu biyen  
nate kok tepungake karo adhem  
kira-kira bae saiki ora bingung  
kepriye carane kenalan karo udan  
paseduluran karo samudra  
memitran klawan banjir bandhang*

*saumpama anak-anakmu biyen  
nate kok tepungake karo perih  
kira-kira bae saiki wis padha ngreti  
carane salaman karo glathi  
kenalan karo keris  
rembugan karo pedhang*

*nanging emane bocah-bocah  
sing durung wareg ngrasakake uyah kuwi  
mung kok pameri tembung mukti  
ngusung swarga donya jroning  
angen-angen kang garing*

*yen saiki anak-anakmu mung bisa  
ngrentengi impen impen wengi  
ora kecongah polah, ngongak jagad  
kasunyatan  
sing mbutuhake ati gumregah tangan  
kumrembyah  
sapa sing salah?*

menjelma jadi dinding-dinding kuat  
membendung semilir angin yang menyebar kabar  
mengenai kebohongan yang terlanjur menjadi  
cerita sambung  
tetapi angin tetap menjadi angin  
dan terus semilir  
mencolek dedaunan supaya pada bergerak  
karena hidup tidak ditakdirkan harus kalah

seandainya anak-anakmu dulu  
pernah kau kenalkan dengan panas  
mungkin saja sekarang tidak kaku  
bergaul dengan matahari  
bercengkerama dengan matahari  
bermain dengan bara

seandainya anak-anakmu dulu  
pernah kau kenalkan dengan dingin  
mungkin saja sekarang tidak bingung  
bagaimana caranya berkenalan dengan hujan  
bersaudara dengan samudra  
berteman dengan banjir bandang

seandainya anak-anakmu dulu  
pernah kau kenalkan dengan perih  
mungkin saja sekarang sudah pada tahu  
caranya bersalaman dengan belati  
berkenalan dengan keris  
bermusyawarah dengan pedang

namun sayangnya anak-anak  
yang belum kenyang merasakan garam itu  
hanya kau pameri kata sakti  
membawa surge dunia ke dalam  
angan-angan yang kering

jika sekarang anak-anakmu hanya bisa  
merangkai mimpi-mimpi malam  
tidak sempat bergerak, melongok dunia  
kenyataan  
yang membutuhkan hati bergerak tangan  
mengayun  
siapa yang salah?



#### 4. Langit Ginarit

langit ginarit nalika srengenge  
lali ngedum sunare  
awit ing ara-ara  
bocah ngarit butuh cahya  
supaya bisa nyawang kanthi damang  
ijo suket, ijone pangarep-arep  
kang sasuwene iki katon samun  
sinawung bledug mangsa ketiga  
sing saya mumbruk  
tanpa sinempyok bun-bun esuk

langit bergaris ketika matahari  
lupa membagikan sinarnya  
karena di tanah lapang  
anak merumput butuh cahya  
agar bisa melihat secara jelas  
hijau rumput, hijaunya harapan  
yang selama ini terlihat samar  
tersamarkan debu musim kemarau  
yang semakin menumpuk  
tanpa bisiram embun-embun pagi

#### 5. Crita Ing Mripatmu

wengi sing kabotan impen  
mung nyawang tanpa kumecap  
nalika crita ing mripatmu  
siji mbaka siji dak tata jroning ati

malam yang keberatan mimpi  
hanya memandangi tanpa berucap  
ketika cerita di matamu  
satu demi satu kutata dalam hati

pancen ana rasa perih  
nalika tangan iki nggrayang  
tumpukan buku lawas  
sing nate dak nggo nyathet umure rembulan  
sadurunge gogrog, nasang ing pucuk gedhang

memang ada rasa perih  
ketika tangan ini meraba  
tumpukan buku lama  
yang pernah kupakai mencatat umur rembulan  
sebelum gugur, nyangkut di pucuk pisang

nanging kabeh mau luwih prayoga  
tinimbang among nyawang sumiliring angin  
kesasar jroning rupa ireng ngregemeng  
peteng

namun semua itu lebih baik  
daripada hanya melihat semilirnya angin  
tersesat dalam warna hitam gelap

sawetara iku critamu terus dak gawa  
lunga adoh  
bakal dak dandani dadi crita esuk  
critane jago kluruk

sementara itu ceritamu terus kubawa  
pergi jauh  
akan kuperbaiki menjadi cerita pagi  
ceritanya jago berkokok

#### 6. Rasa

rasa perih iki  
ora bakal dadi tangising ati  
aku wis nglenggana  
tatu sing kok tinggal  
ing dhadhaku  
pancen wis imbang karo madu  
sing nate dak cecep

rasa perih ini  
tidak akan menjadi tangisnya hati  
aku sudah ikhlas menerima  
luka yang kau tinggal  
di dadaku  
memang sudah setara dengan madu  
yang pernah ku cecap

*saka lathimu*

7. *Satemene*

*satemene ana sandhiwara  
sing nggelar crita  
endah  
emane wis mapan ing lembarane  
dina wingi*

*satemene ana esem ngujiwat  
sing bisa gawe sengseme jagad  
emane mung dumunung ing peranganane  
dina wingi*

*satemene ana cahya padhang  
pindha sewu lintang alihan  
gawe pangeram-eram  
emane wis kelakon  
duking nguni*

*satemene ana rasa kangen  
yen pinuju noleh memburi  
mbiyaki lelakon dina kawuri  
emane  
senajan sewu cara wis dak coba  
sewu buku daksinau  
meksa ora ana dalan sing kena diliwati  
kanggo tumuju dina wingi*

8. *Pelang*

*ketiga rendheng tanpa leren  
ombak gumulung mecah kasepen  
ngidungake langgam panguripan  
sandhuwuring wedhi-wedhi pesisir  
sing setya nyimpen cangkriman jaman  
pesisir pelang  
papan jujugan tumrap kuntul-kuntul maneba  
sing padha kulak pawarta  
saka telenging samodra*

*senajan bumi gonjing  
udan salah mangsa  
kedhep srengenge ndedawa lara  
nanging pelang tetep nyimpen crita  
tumrap anak putu sing butuh ngreti*

dari bibirmu

sebenarnya ada sandiwara  
yang menggelar cerita  
indah  
sayangnya sudah berada di lembarannya  
hari kemarin

sebenarnya ada senyum tersungging  
yang bisa membuat senangnya dunia  
sayangnya hanya berada di bagiannya  
hari kemarin

sebenarnya ada cahaya terang  
bagaikan seribu bintang berpindah  
membuat terpesona  
sayangnya sudah terjadi  
di waktu lalu

sebenarnya ada rasa kangen  
jika dituju menoleh ke belakang  
memilah kejadian hari kemarin  
sayangnya  
meski seribu cara sudah ku coba  
seribu buku kupelajari  
tetap tidak ada jalan yang dapat dilewati  
untuk menuju hari kemarin

kemarau penghujan tanpa henti  
ombak bergulung memecah kesepian  
melagukan tembang kehidupan  
di atas pasir-pasir pantai  
yang seta menyimpan teka-teki jaman  
pantai pelang  
tempat tujuan bagi burung bangau hinggap  
yang pada mencari kabar  
dari tengah samodra

walaupun bumi bergoyang  
hujan salah musim  
kedip matahari memperpanjang lara  
namun pelang tetap menyimpan cerita  
bagi anak cucu yang butuh tahu

*bedane donga lan mantra*

9. *Titi Mangsa*

*syukur yen mangsa ketigamu wis mungkur  
dak sawang saka kadohan plataranmu  
wis dikebaki kembang abang jambu*

*mitraku, golek kayu cendhana ing pangkonmu  
sing akekuhung sutra biru pranyata bisa  
nyungging birune samudra, maes birune  
angkasa  
sing dadi papan jujukane tangan kamulyan  
ngrentengi lintang ngranggeh rembulan  
syukur yen mangsa ketigamu wis mungkur  
lemah-lemah cengkar wis katon bawera  
bun-bun esuk padha mara sanja  
saka kadohan aku melu gumuyu rena  
dene winih gurit sing nate gogrog ing atimu  
saiki uga tuwuh ngrembaka  
mekar tumangkar nyulami tanduran garing  
sing oyode wis rantas kapangan jaman*

10. *Panggresah*

*pangangenku  
ngambang ing antarane rasa kangen  
lan kelangan  
parandene kledhange ayang-ayangmu pijer  
kekitrang puguh  
angkuh, ngucireng saka sakehing tembung wanuh  
paribasan  
wis ajur sikil iki nyasak eri bebondhotaning lelakon  
paripaksa  
durung ana sasmita kapan esemmu tumenga  
panggresah iki  
muga dadi lantaran tinarbukaning manah  
pungkasan  
muga ana keploking tangan senajan adoh ing  
pojoking lelakon*

11. *Elegi Wengi*

*wis dak niyati, arep nurokake ati  
ing wengi iki  
tanpa guna tetembangan  
yen tatu isih arang kranjang*

bedanya do'a dan mantra

syukur jika musim kemaraumu sudah berlalu  
kulihat dari jauh halamanmu  
sudah dipenuhi bunga merah jambu

temanku, mencari kayu cendana di pangkuanmu  
yang tertutupi sutera biru ternyata bisa  
mewarnai birunya samudera, memulas birunya  
angkasa  
yang jadi tempat tujuan utama cita-cita luhur  
merangkai bintang meraih rembulan  
syukur jika musim kemaraumu sudah berlalu  
tanah-tanah tandus sudah kelihatan subur  
embun-embun pagi pada bermain  
dari jauh aku ikut tersenyum lega  
dan benih gurit yang pernah gugur di harimu  
sekarang juga tumbuh membesar  
mekar merajut tanaman kering  
yang akarnya sudah lapuk termakan zaman

harapanku  
mengambang di antara rasa kangen  
dan kehilangan  
walaupun juga kilasan bayang-bayangmu  
senantiasa berkelebatan tetap  
angkuh, mengecewakan dari bayaknya kata umum  
peribahasa  
sudah hancur kaki menerjang duri tumbuhanna  
kejadian terpaksa  
belum ada pertanda kapan senyummu membuka  
kegelisahan ini  
semoga menjadi sebab dibukanya hati  
akhirnya  
semoga ada tepuk tangan walaupun jauh di  
sudut perjalanan

sudah kuniati, akan menidurkan hati  
di malam ini  
tak ada gunanya bernyanyi  
jika luka masih banyak tergores

*ya mung kari pasrah  
usada sing isih bisa kecongah  
mula dyah, saiki aku sumarah  
kopi sacingkir pawewehmu wingi  
wis bisa mbeningake ati  
senajan saiki langit kinepung mendhung  
aku ora bingung  
jalaran lintang waluku  
wis pindhah ing netramu*

### 12. Elegi Pupus Gadhung

*lumantar pucuking wengi  
aku nggugah sepimu  
dak wanek-wanekake nembang kinanthi  
senajan swara iki  
isih amping-amping ing pojoking tangis  
mung beteke ora kepingin  
kedhisikan tekane panglong  
sing bakal mbuntel cakrawala  
nganggo rupa ireng ngregemeng peteng*

*mumpung isih ana satleraman  
cahya pepadhang, nimas  
ayo diringkesi ati  
sing kebacut ajur iki  
sapa ngreti ing antarane rasa lara  
isih ana winih tresna  
kanggo nggusah sepi  
ing pucuking wengi  
sing kebak pepali iki*

### 13. Wengi Iki

*aku ngreti yen wengi iki  
kowe nangis ngguguk ing paturon  
nggetuni tangan sing durung gaduk  
ngranggeh lintang alihan  
kamangka cahya sing pating krelip  
kuning sinangling  
kuwi wis sawetara suwe kasimpen primpen  
ing pojoking angen*

*aku ngreti wengi iki  
kowe nangis ngguguk ing paturon  
luhmu bakal mili mbrengkali*

ya hanya tinggal pasrah  
obat yang masih bisa dicapai  
maka dyah, sekarang aku pasrah  
secangkir kopi pemberianmu kemarin  
sudah bisa menjernihkan hati  
walaupun sekarang langit dikepung mendung  
aku tidak bingung  
karena bintang waluku  
sudah pindah di matamu

melalui ujung malam  
aku membangunkan sepimu  
kuberanikan melagukan kinanthi  
walaupun suara ini  
masih bersembunyi di sudut tangis  
hanya tidak ingin  
didahului datangnya gelap  
yang akan membungkus cakrawala  
dengan warna hitam gelap

mumpung masih ada sekilas  
cahaya penerang, nimas  
ayo ditata hati  
yang terlanjur hancur ini  
siapa tahu di antara rasa sakit  
masih ada benih cinta  
untuk mengusir sepi  
di ujung malam  
yang penuh larangan ini

aku tahu malam ini  
kamu menangis di tempat tidur  
menyesali tanah yang belum sampai  
meraih bintang alihan  
padahal cahaya yang berkelipan  
kuning mengkilap  
itu sudah beberapa lama tersimpan rapat  
di sudut harapan

aku tahu malam ini  
kamu menangis di tempat tidur  
air matamu akan mengalir membalikkan

*werdine impen kadaradasih  
sing sasuwene iki kandheg  
ing tembung saumpama*

makna mimpi yang harus diwujudkan  
yang selama ini berhenti  
pada kata seandainya

#### 14. Kembar Mayang

*kembar mayang wis mapag tekamu, kadang  
mapag tekane dina-dina anyar  
ing kono werdining urip bakal kababar  
awit kupu sajodho wis sumadya tetegar  
nyasak jembare awang-awang  
nyebar wangine kembang  
sawise tetahunan tapa ngrame  
wujud enthung gedhe cobane  
saiki wis luwar  
saiki wis ketemu sempalane iga wekas  
sing tetahunan ilang gawe was sumelang*

kembar mayang sudah menyambut datangmu, saudara  
menyambut datangnya hari-hari baru  
di sana makna hidup akan dijelaskan  
karena kupu sepasang sudah bersedia  
menembus luasnya angkasa  
menyebarkan wanginya bunga  
sesudah setahun bertapa dari keramaian  
wujud ulat pisang banyak cobaannya  
sekarang sudah terbuka  
sekarang sudah bertemu pasangannya rusak  
yang bertahun-tahun hilang membuat was-was

*kembar mayang wis mapag tekamu, kadang  
kembaraning karep  
sangu numpak baitaning bebrayan  
kanggo nyabrang segaraning urip  
muga sembada tumapak ing gisiking  
gegayuhan*

kembar mayang sudah menyambut datangmu, saudara  
kembaranya keinginan  
bekal naik bahtera berkeluarga  
untuk menyeberang lautan hidup  
semoga sesuai menapaki pantai  
harapan

#### 15. Janur Kuning

*mitra, dina iki soroting srengenge mbabar  
kaendahan  
awit ing saben pucuk godhong sinungging  
weling angin sumilir  
sing wis saguh kinarya pangiringe lakumu  
jroning netepi kewajibane umat  
ngrakit prajanjian endah sangarepe janur kuning  
rinengga pepaesane kembang lan  
klapa gadhing sandhuwure gedhang raja*

teman, hari ini sinar matahari memancarkan  
keindahan  
karena di setiap pucuk daun tersungging  
pesannya angin semilir  
yang pernah menyanggupi sebagai pengiring jalanmu  
dalam melaksanakan kewajiban umat  
merangkai janji indah di depan janur kuning  
indah dihiasi bunga dan  
kelapa gading di atas pisang raja

*dina iki soroting srengenge mbabar kaendahan  
lumantar janur kuning rinengga pepaesane  
kembang  
mitra, aja sangga runggi  
lelakon kawuri ora perlu digetuni  
yen antarane biyen lan saiki nyimpen sewu  
petungan  
ing sadawane dalam iki cangkrimaning urip  
bakal kabatang*

hari ini sorot matahari menyebar keindahan  
melalui janur kuning indah berhiaskan  
bunga  
teman, jangan curiga  
perjalanan kemarin tidak perlu disesali  
jika antara dulu dan sekarang menyimpan seribu  
perhitungan  
di sepanjang jalan ini permasalahan hidup  
akan terjawab

## 16. Gurit Lintang Alit

*lintang alit  
saben wengi jerat-jerit  
swarane nggrantes ngrenda ati pepes  
nelahi wayah mbaka wayah ngupadi werdining sepi  
milah tan wenang amilih  
tundhone amung bisa pasrah  
nglenggana menawa rahina dudu duweke*

*lintang alit, lintang alit  
kelap-kelip ing kamare langit  
sapa nganggit  
yen saben kledhange tansah ginupit  
kodrating urip*

*lintang alit lintange wengi  
kijenan tanpa rowang  
nyangking sabentel cangkriman sing durung  
kabatang*

*apa isih ana kang ngemu teges  
ing plataraning langit kang anyep, sepi,  
nggrantes?  
sedheng lelakon mbaka lelakon tansah  
nyeret ati  
menyang kamaspraning wengi sing jembar tanpa  
wates iki*

bintang kecil  
setiap malam menjerit-jerit  
suaranya sedih merenda hati yang hampa  
memilah waktu demi waktu mencari makna sepi  
memilah tidak berhak memilih  
akhirnya hanya bisa pasrah  
baesabar jika siang bukan miliknya

bintang kecil, bintang kecil  
berkelip-kelip di kamar langit  
siapa mencipta  
jika setiap kemunculannya senantiasa terjepit  
kodrat hidup

bintang kecil bintangnya malam  
sendirian tanpa teman  
membawa sebungkus permasalahan yang belum  
terjawab

apa masih ada yang mengandung makna  
di halaman langit yang hambar, sepi,  
menyedihkan?  
sementara kejadian demi kejadian senantiasa  
menyeret hati  
pada kesia-siaan malam yang luas tanpa  
batas ini

## 17. Ironing Laku

*angin sing ngampirake laku  
nglungguhake aku lan kowe  
runtut kaya wayang simpingan  
sangarepe dhalang  
pindhane ukara banjur dipantha-pantha  
jejer, lesan, lan wasesane  
aduh mitra, aku lan kowe  
jebul nate ngombe banyu  
sing padha segere  
lungguh ing klasa  
sing padha jembare  
liwat dalam sing padha lempenge  
senajan seje mangsane*

angin yang mempersilahkan mampir perjalanan  
mendudukan aku dan kamu  
runtut seperti wayang dijejerkan  
di depan dalang  
bagaikan kalimat lalu dipilah-pilah  
subjek, predikat, dan objeknya  
aduh teman aku dan kamu  
ternyata pernah minum air  
yang sama segarnya  
duduk di tikar  
yang sama lebarnya  
lewat jalan yang sama lebarnya  
walaupun beda masanya



*angin sing nglampirake laku  
nglungguhake aku lan kowe  
bawa rasa sawetara ngonceki cangkriman  
ketiga  
sadurunge bebarengan ngeli turut lakune dina  
sing nggawa warna-werna patembaya*

angin yang mempersilahkan mampir perjalanan  
mendudukan aku dan kamu  
merenung sebentar memaknai permasalahan  
kemarau  
sebelum bersama-sama mengikuti perjalanan hari  
yang membawa bermacam-macam permasalahan

### 18. Mendhung

*yen mendhung padha glimpungan  
pacak baris ing awang-awang  
tenane kuwi kabeh lupute srengenge  
sing emoh ndandani kawicaksanane  
“sabda pandhita ratu  
tan kena wola-wali” ngono wangsulane  
nalika angina nakokake  
yagene dheweke ora nggatekake  
swara sora sing njaluk  
kawigaten kae  
kamangka pancen wis suwe lemah rengka  
mangsa ketiga ngelak tumetese bun-bun tresna  
nanging nyatane nganti seprene sing dirasakake  
mung panas  
swara santak ngabarake hawa panas  
kawicaksanane srengenge malah gawe swasana  
saya panas  
apa pancen critane jagad wis meh tuntas?!*

jika mendhung pada gelimpungan  
berbaris di angkasa  
sebenarnya itu semua salahnya matahari  
yang tidak mau memperbaiki kebijakannya  
“apapun yang dikatakan raja/ ratu  
tidak boleh berganti-ganti,” begitu jawabnya  
ketika angin menanyakan  
kenapa dia tidak memperhatikan  
suara keras yang minta  
perhatian itu  
padahal memang sudah lama tanah bongkah  
musim kemarau haus menetesnya embun-embun cinta  
tapi ternyata sampai sekarang yang dirasakan  
cuma panas  
suara keras mengabarkan hawa panas  
kebijakan matahari malah membuat suasana  
semakin panas  
apa memang cerita jagad sudah hamper sesesai?

### 19. Janturan Parikena

*ombaking segara ngelus gisiking ati  
nyolong gurit kang sumampir ing senar pancing  
binuncang nyiram lungka-lungka ketiga  
awang-awang koncatan lintang  
rembulan surem tanpa guwaya  
kepingin lumban ing beninge samudra*

ombaknya lautan meraba pesisir hati  
mencuri puisi yang tergantung di senar pancing  
dientaskan menyiram bongkahan-bongkahan kemarau  
angkasa kehilangan bintang  
bulan suram tanpa raut muka yang bercahaya  
ingin berenang di birunya samudra

*angin sumilir nyambung pangrasa  
ngudang pitakon kapan kelakon  
awan lan bengi dadi salembar  
sapa aruh linambaran godhong suruh  
kangene suwung cinindra mendhung  
saben klebate nyolong jantung ndhedher wuyung*

angin semilir menyambung rasa  
mempertanyakan kapan terwujud  
siang dan malam jadi selemba  
bertegursapa beralaskan daun sirih  
rindunya kosong dikhianati  
setiap kemunculannya mencuri jantung menabur cinta

## 20. Kaya Kapuk Kumleyang

kepingin rasane bisa mumbul kaya kapuk  
 sinentor angin  
 bisa kekitrang ing awang-awang  
 kumleyang tanpa sanggan  
 bisa nyalami godhong-godhong sing nate  
 ngayomi  
 bisa nggrayang pang-pang sing nate dianggo  
 gandhulan  
 bisa nyimpen impen lungit sundhul langit  
 emane seprana seprene durung ana angin sumilir  
 sing kuwat njebol sikil kang kebacut mancep  
 ing ara-ara  
 bola-bali sing mampir mung wirama banjir  
 gawe ati kentir  
 campur larahan sapirang-pirang  
 nyesegake ambegan

ingin rasanya dapat naik seperti angin  
 tertiup angin  
 dapat berkelana di angkasa  
 melayang tanpa beban  
 dapat menyalami daun-daun yang pernah  
 meneduhkan  
 dapat menyentuh ranting-ranting yang pernah dipakai  
 bergantung  
 dapat menyimpan impian tinggi  
 sayangnya sampai sekarang belum ada angin semilir  
 yang mampu mencabut kaki yang terlanjur tertanam  
 di tanah  
 berulang kali yang mampir hanya irama banjir  
 membuat hati hanyut  
 bercampur bandang banyak  
 menyesakkan napas

## 21. Pupuh Palaran

apa isih ana  
 sing wani ngungalake dhadha  
 yen kutha sing nate nglairake  
 srengenge  
 saiki ngutahake abang getih?

apa masih ada  
 yang berani membusungkan dada  
 jika kota yang pernah melahirkan  
 matahari  
 sekarang menumpahkan merah darah?

layare jagad wis tinarbuka  
 ireng lan putih kabeh wis pirsane  
 wis wancine singa awulu domba  
 digiring menyang pagrogolan

layarnya dunia sudah terbuka  
 hitam dan putih semua sudah tahu  
 sudah saatnya serigala berbulu domba  
 digiring ke dalam pagar/ kandang

dudu jamane nguri-uri tunggakan kempladhih  
 sing padha silih unghik nyingitake pamrih  
 supaya kutha sing sambat perih  
 ora kakehan ngutahake getih  
 sumbering pangrintih kudu katindhah

bukan jamannya melestarikan akar kempladhih  
 yang pada berebut mengedepankan pamrih  
 supaya kota yang mengeluh pamrih  
 tidak terlalu banyak menumpahkan darah  
 sumbernya keluhan harus ditindhah

## 22. Panas

srengenge sansaya panas  
 ing imbang kulon ngobong  
 godhong-godhong cemara  
 gogrog  
 sore sing isih adoh saka karepe  
 bocah angon sing mbutuhke

matahari semakin panas  
 di sebelah barat membakar  
 daun-daun cemara  
 gugur  
 sore yang masih jauh dari keinginannya  
 anak penggembala yang membutuhkan



*segere hawa  
kaya nalika angin sumilir  
nyebar gandane kembang-kembang kacang  
saka pategalan*

segarnya udara  
seperti ketika angin semilir  
menyebarkan wanginya bunga-bunga kacang  
dari ladang

*srengenge sansaya panas  
ing imbang kulon ungak-ungak cendhela*

matahari semakin panas  
di sebelah barat melongok-longok jendela

*eseme abang kebak kemenangan  
sajake durung rumangsa  
wis wancine gumanti mangsa*

senyumnya merah penuh kemenangan  
sepertinya belum merasa  
sudah saatnya berganti masa

### 23. Cathetan Awan

*awan iki wis ilang gambaran kerukunan  
tumrap para menjangan  
sing padha-padha playon ing alas  
ndedawa napas  
kamangka mau nalika ocehing manuk  
ing gegrumbulan awew pratandha tumekaning esuk  
menjangan-menjangan padha guyon parikena  
holobis kuntul baris tan kamba manunggalake rasa  
sakabehing pepalang linumpatan  
abot entheng sinangga bebarengan*

siang ini sudah hilang gambaran kerukunan  
bagi para menjangan  
yang sama-sama berlari di hutan  
memperpanjang napas  
padahal tadi ketika oceh jalak  
di gerombolan member pertanda sampai pagi  
menjangan-menjangan pada bercengkerama  
holobis kyuntul baris tidak ragu menyatukan rasa  
semua hambatan dilompati  
berat ringan ditanggung bersama-sama

*awan iki wis ilang gambaran kerukunan  
ing sela-selaning napas mung kari cumanthel esem  
sepa  
sajak kapeksa  
kamangka srengenge wis nganther ing ndhuwurbener  
sedhela maneh bakal ngglewang mangulon  
banjur nyandi parane?*

siang ini sudah hilang gambaran kerukunan  
di sela-selanya napas hanya tinggal tergantung  
senyum hambar  
mungkin terpaksa  
padahal matahari sudah berdiri di atas lurus  
sebentar lagi akan bergeser ke barat  
lalu ke mana tujuannya?

*awan iki wis ilang gambaran kerukunan  
sing isih bisa disawang saka saben kedhep mripat  
mung rasa kemrungsung ngrangsang gunung  
golek menang sikut-sikutan karo rowang*

siang ini sudah hilang gambaran kerukunan  
yang masih bisa dilihat dari tiap kedipan mata  
hanya rasa tergesa-gesa ngrangsang gunung  
mencari menang beradu siku dengan teman

### 24. Gurit Awang-awang

*pancen awang-awang mung saderma dadi ajang  
nalika kuntul-kuntul kumleyang  
rebut banter nothog puser srengenge  
nalika crita angkasa  
durung bisa ngowahi nasibe suket grinting  
sing pasrah sumarah sandhuwuring lemah padhas*

memang angkasa hanya menjadi tempat  
ketika bangau-bangau melayang  
berbalapan mengetuk pusat matahari  
ketika cerita angkasa  
belum bisa merubah nasibnya rumput  
yang pasrah di atas tanah tandus yang keras

*pancen awang-awang mung dadi ajang  
ora wenang nyuraki kuntul-kuntul kumleyang  
rebut menang  
wusana candhikala kasimpar saka  
plataraning langit  
sumilire angin mung bisa ngemuli prawan sunthi  
sing bingung ngukur dawane jantung  
jroning omah suwung*

memang angkasa hanya menjadi tempat  
tidak berhak menyoraki burung bangau melayang  
berebut menang  
akhirnya *candhikala* tersisih dari  
halaman langit  
semilirnya angin hanya bisa menyelimuti perawan  
yang bingung mengukur panjangnya jantung  
dalam rumah kosong

### 25. Napak Tilas

*wengi iki aku wiwit jumangkah  
nyasak dalam sapecak  
napak tilas sikil-sikil tatu  
lakune pandhawa sing kalah main dhadhu  
perih iki wohing kajujuran  
kang disebratake dening para  
culika sing ngaku dhadha satriya  
ya iki werdhine impen kadaradasih  
nalika kuncaraning langit koncatan  
kedhep lintang lan esem rembulan*

malam ini aku mulai melangkah  
menelusuri jalan setapak  
napak tilas kaki-kaki luka  
jalannya pandhawa yang kalah bermain judi  
perih ini buah kejujuran  
yang ditorehkan oleh para  
pembohong ang mengaku satria  
ya ini maknanya mimpi yang menjadi kenyataan  
ketika keagungan langit kehilangan  
kedip bintang dan senyum rembulan

*wengi iki aku wiwit jumangkah  
napak tilas lakune pandhawa  
kalah main dhadhu  
iki pendhadharan sejati  
iki pangumbaran sejati  
tumrap winih-winih kesisih  
sing negesi werdining perih*

mala mini aku mulai melangkah  
mengikuti jalannya pandhawa  
kalah bermain dadu  
ini pelepasan sejati  
inipembebasan sejati  
bagi benih-benih tersisih  
yang mengartikan makna perih

### 26. Tembang Grahanan

*senajan mung sagebyaring thathit  
kledhange ayang-ayang sing mlumpat  
sungapaning bengawan  
ninggal tenger rasa geter tandha sapatemon  
awujud tembange angin  
kanthi wirama langgam karerantan  
rerumpakan tangise rembulan blundrah getih*

walaupun hanya sekilas kilat  
kelebatnya bayangan yang melompat  
hulu sungai  
meninggalkan tanda rasa gemetar tanda kerukunan  
berwujud tembangnya angin  
dengan irama langgam karerantan  
diibaratkan tangisnya rembulan bercucuran darah

*nanging panglonging wengi dudu wates  
kang njalari dina candhake kelangan teges  
angin isih bakal terus sumilr  
nyalami bocah dolanan  
sing kepingin menehi teges marang*

namun tidak sempurnanya malam bukan batas  
yang menyebabkan hari berikutnya kehilangan makna  
angin masih akan terus semilir  
menyalami anak bermain  
yang ingin member arti pada

*saben clorot sunar rembulan  
senajan ora wutuh bunder seser merak ati  
kaya pinuju purnamasidhi*

setiap perdar sinar rembulan  
walaupun tidak utuh bulat  
seperti menuju bulan purnama

### 27. Stutmen Gara-gara

*tembang panantang cengkok palaran  
kasigeg  
perang gagal wis rampung  
umbul-umbul lan gendera wis dilempiti  
jroning kothak para senapati  
ngetung tuna rugi*

tembang panantang cengkok palaran  
terhenti  
perang gagal sudah selesai  
umbul-umbul dan bendera sudah dilipat  
di dalam kotak para senapati  
menghitung untung rugi

*blencong sumunar kencar-kencar  
nyoloki sewu tatu sing isih keru  
ing pakeliran  
munggel impene para panggedhe  
sing nggege mangsa  
tumurune wahyu mahkutharama*

blencong bersinar terang  
menusuk seribu luka yang masih tertinggal  
di pewayangan  
mematahkan impiannya para pembesar  
yang terburu masa  
turunnya pulung mhkota raja

*lamat-lamat gerongane waranggana  
ngangetake swasana  
nggugah sing padha ketungkul mbundheli  
ratu kenci  
: sawetara iku suluking dhalang awesh sasmita  
wis wancine ngancik ponang gara-gara*

pelan-pelan nyanyiannya waranggana  
menghangatkan suasana  
menyadarkan yang sedang sibuk mengikat  
kartu ratu kenci  
: sementara itu suluknya dalang member pertanda  
sudah saatnya menginjak babak gara-gara

### 28. Protelon Loji

*ing pojok lor kulon isih katon  
wewayangane nyonya susana  
mamerake rambut pirang dawa sabangkekan  
yakuwi susuhing akal prambataning nalar  
nalika sisuta sinaya sarowange diperes kringete  
holobis kuntul baris  
yen ora manut mungsuhe mimis*

di sudut barat laut masih kelihatan  
pewayangannya nyonya Susana  
memamerkan rambut pirang panjang sepinggang  
yaitu sarangnya akal merambatnya nalar  
ketika sisuta sinaya dan temannya diperas keringatnya  
holobis kuntul baris  
jika tidak menurut musuhnya mimis

*ing pojok lor wetan  
sapandurat katon gumawang  
wewangunan kuna nyimpen werna-werna  
pangrasa  
duk kalane angin sumilir  
sisuta sinaya sakancane padha nglilir  
mung antenging pikir sing ora kentir  
nalika segara rob, kali panggul banjir*

di pojok timur laut  
sekilas kelihatan jelas  
bangunan kuna menyimpan bermacam-macam  
perasaan  
ketika angin semilir  
sisuta sinaya dan teman-tamannya pada terbangun  
hanya tenangnya pikiran yang tidak gila  
kelika laut pasang sungai panggul banjir

*protelon loji  
njengjureng anteng nyimpen sewu wewadi  
yen dalam sidhatan iki dak lumpati  
playuning ati bakal tumapak ing endi?*

### 29. Sing Urip Jroning Atiku

*dudu impen kadaradasih  
yen esuk iki aku nemu gurit  
ing mripatmu  
jalaran tetesing bun  
ora nate aweh tengara  
yen abure merak sing biyen kedhungsangan  
saiki bali menyang kurungan  
sinambi ngiwi-iwi mbebeda ati ketiga  
sing seprana-seprene gumlethak  
ing antarane wengi-wengi sepi  
tanpa ana obahing kangen  
sing njalari ati gumregah polah  
ngungak jagad anyar kebak kembang-kembang  
mekar  
ngretiya ngono dak jarake bae  
kluruke sing jago kate  
sing nawakake obor blarak  
coloking laku sapecak  
nalika wengi durung sumilak  
ah, nanging urip iki nyakra manggilingan  
aku trima nintingi guritanmu  
sing saiki urip jroning atiku*

### 30. Nintingi Tembung Kangen

*kangenku kaya ketiga  
sing kepengin weruh gebyaring thathit  
ginugah sumiliring angin sore  
sing nyebar kabar jingga  
lumantar aruming melati rinonce*

*kangenku marang (aku)  
sing biyen tanpa leren mecah kasepen  
lumantar swara ombak  
kang gumulung atimu  
sing biyen wani kedhungsangan mecaki  
galengan  
senajan panase srengenge*

pertigaan benteng  
mengernyitkan dahi diam menyimpan seribu rahasia  
jika persimpangan jalan ini kulalui  
larinya hati akan sampai di mana?

bukan mimpi kadaradasih  
jika pagi ini aku menemukan gurit  
di matamu  
karena tetesnya embun  
tidak pernah memberi pertanda  
jika terbangnya merak yang dulu terlatih  
sekarang pulang ke kurungan  
sambil menggoda meledek hati kemarau  
yang selama ini tergeletak  
di antaranya malam-malam sepi  
tanpa ada gerak rindu  
yang menyebabkan hati bangkit bergerak  
melongok dunia baru penuh bunga-bunga  
mekar  
tahu begitu ku biarkan saja  
kokoknya si jago kate  
yang menawarkan obor daun kelapa  
penerang jalan setapak  
ketika malam belum terbuka  
ah, namun hidup ini senantiasa berputar  
aku menerima memilah geguritanmu  
yang sekarang hidup di dalam hatiku

rinduku seperti kemarau  
yang ingin melihat gebyarnya kilat  
dibangunkan oleh semilirnya angin sore  
yang menyebar kabar jingga  
melalui harumnya roncean melati

rinduku kepada (aku)  
yang dulu pernah tanpa henti memecah sepi  
melalui suara ombak  
yang bergulung hatimu  
yang dulu beraniterlatih-tatih menapaki  
pematang  
walaupun panasnta matahari

*ngobong bun-bunan  
sing biyen wani nrajang sepi  
ngoyak kelipe konang  
kang gawe cangkriman ing pategalan*

*kangenku kaya ketiga sing kepengin weruh  
gebyaring thathit*

### 31. Tembang Pangruwatan

*dak oyak saben obahing kayon  
mburu susuhing angin  
parandene durung ana tresna kang katon  
ing antarane pang-pang garing*

*ana ngendi disingitake ocehing jalak  
sing biyen nate crita perkara janji ketiga  
rikala ngumandhanging pupuh tembang  
pangruwatan  
disenggaki bocah dolanan  
sinambi adus sunar rembulan*

*dak oyak saben obahing kayon  
mburu susuhing angin  
mbokmenawa mbarengi tetesing bun-bun ketiga  
ana pupus sing isih gelem trubus  
gawe segere pangrasa mekare panggantha  
sing sasuwene iki garing  
tan sinempyok sumilire angin*

### 32. Epigram Jingga

*rembulan sumunar cahya kencana  
mulas langit biru banyu segara  
aku dolanan ing sangisore  
sinambi ngrapal mantra tembang tresna  
ngenteni purnama pungkasan  
sing nggawa pawarta jingga*

### 33. Tanpa Cakepan

*playuku ngoyak angin  
nyangking tembang sing ilang  
cakepane  
kepalang jati ngarang  
papane manuk platuk gawe*

membakar ubun-ubun  
yang dulu berani menerjang sepi  
mengejar kelip konang  
yang membuat cangkriman di tegal

rinduku seperti kemarau yang ingin melihat  
genyarnya kilat

ku kejar setiap gerakan pepohonan  
mengejar sarangnya angin  
walaupun belum ada yang terlihat  
di antara ranting-ranting kering

di mana disembunyikan ocehnya jalak  
yang dulu pernah bercerita tentang janji kemarau  
ketika berkumandangnya pupuh tembang keselamatan  
disela oleh anak yang sedang bermain  
sambil mandi sinar rembulan

ku kejar setiap gerakan pepohonan  
mengejar sarangnya angin  
siapa tahu bersamaan tetes embun-embun kemarau  
ada kumtum yang masih mau tumbuh  
membuat segarnya perasaan mekarnya harapan  
yang selama ini kering  
tidak terkena semilir angin

rembulan bersinar cahaya emas  
mewarnai langit biru laut  
aku bermain di bawahnya  
sembari membaca mantra lagu cinta  
menunggu purnama terakhir  
yang membawa kabar jingga

lariku mengejar angin  
membawa tembang yang hilang  
liriknya  
terhalang jati meranggas  
tempat burung pelatuk membuat

gowokan  
 ing kono sing ana  
 mung oceh tanpa wirama  
 parandene disubya-subya  
 tanpa beda temanten anyar  
 sing lagi ngresepi  
 werdine kembar mayang  
 rinengga pepaesanan kembang  
 sawetara iku angin sore  
 saya banter playune  
 lan sagatra tembang tanpa cakepan  
 isih gawang-gawang  
 cat katon cat ilang  
 kecelik ing waliking candhikala  
 kinukup gendhinge wong semaya

#### 34. Mendhung Tumlawung

ora perlu bingung  
 iki wancine mendhung tumlawung  
 theyot-theblung  
 theyot-theblung  
 ing blumbang kodhok ngorek gawe liwung

begjane tani utun  
 isih kober nandur pohung lan jagung  
 esuk ngukup kulup lembayung  
 begine diuran-urani swara walang kadung

iki wancine mendhung tumlawung  
 aja mutung krungu pait getiring tembung  
 sebab ing gedhung-gedhung  
 akeh wong mendem kecubung  
 aduh bapa, aduh biyung  
 rambut dawa ora digelung  
 tekaku saderma tetulung  
 rampung gawene malah ditundhung

#### 35. Ayang-ayang Rembulan

katon meneh ayang-ayang rembulan  
 ing sanjerone gelas kothong  
 nalika rasa mumet ing sirah  
 durung ilang  
 wis ora ana maneh sing bisa dilangga  
 kanggo nutugake mendem gayeng

lubang (di pohon)  
 di sana yang ada  
 hanya oceh tanpa irama  
 walaupun diramai-ramaikan  
 tanpa beda pengantin baru  
 yang sedang meresapi  
 makna kembar mayang  
 berhiaskan bunga  
 sementara itu angin sore  
 semakin cepat larinya  
 dan sebaris tembang tanpa lirik  
 masih samar-samar  
 sebentar terdengar sebentar hilang  
 kecewa di balik senja  
 diraub oleh irama orang yang berjanji

tidak perlu bingung  
 ini waktunya mendung gelap  
 theyot-theblung  
 theyot-theblung  
 di kubangan kodok benbunyi membuat bingung

untungnya petani yang rajin  
 masih sempat menanam ketela dan jagung  
 pagi meraup pucuk lembayung  
 malamnya dihibur suara belalang

ini saatnya mendung gelap  
 jangan berputus asa mendengar pahitnya kata-kata  
 karena di gedung-gedung  
 banyak orang mabuk kecubug  
 aduh bapak, aduh ibu  
 rambut panjang tidak disanggul  
 kedatanganku sekedar menolong  
 selesai bekerja malah dituduh

terlihat lagi bayangan rembulan  
 di dalam gelas kosong  
 ketika rasa pusing di kepala  
 belum hilang  
 sudah tidak ada lagi yang bisa diteguk  
 untuk melanjutkan mabuk



*ing surup peteng iki  
 sawetara iku ayang-ayang rembulan  
 terus ngrangsang  
 kepingin dilangga menyang lambe  
 sing isih teteh nyuwara  
 ha-na-ca-ra-ka  
 iki mendemku  
 iki mabukku  
 sing terus jejogedan rinengga gendhing  
 dolanan  
 jroning kalangan asli  
 nalika ing adoh kana wong-wong keli  
 ing ulegane arus westernisasi*

### 36. Langgam Wengi, 1

*wengi sing lungkrah nyingitake rasa kangen  
 marang gumebyare hawa kutha  
 sing nate ngajak playon  
 ngoyak angen-angen kumleyang  
 sadawane trotoar  
 ing kono gumebyare lampu-lampu dalam  
 kaya lagi pasang sawijining cangkriman  
 yen bengi lan awan  
 ora mung perkara peteng utawa padhang  
 sawayah-wayah napas-napas lawas  
 bisa gumregah  
 polah ninthingi werdining pangimpen  
 ing saben-saben mrambat ing sadawane rambut  
 kalamun mrucut mung bisa diwadhahi  
 nganggo atine dhewe-dhewe*

### 37. Swara jago Kluruk

*swara jago kluruk miyak watese wengi lan esuk  
 ing sisih wetan ngegla cahya mbranang  
 padhang  
 peparing-E  
 sanalika gawe gumregahe ati ringka  
 tetahunan ngliwati dina sepa kebak panggodha*

*swara jago kluruk mungkasi kamurane  
 uler-uler serit ngrangsang ijone gegodhongan  
 jroning alas jati kebak wewadi  
 mungkasi panalangsane enthung-enthung  
 gumantung kelangan petung*

di sore yang gelap ini  
 sementara itu bayangan rembulan  
 semakin agresif  
 ingin ditenggak ke dalam mulut  
 yang masih bisa menyuarakan  
 ha-na-ca-ra-ka  
 ini mabukku  
 ini mabukku  
 yang terus berjoged diiringi irama  
 permainan  
 di dalam kumpulan asli  
 ketika jauh di sana orang-orang terhanyut  
 di arus westernisasi

malam yang letih menyiratkan rasa rindu  
 pada gebyarnya iklim perkotaan  
 yang pernah mengajak berlari  
 mengejar angan-angan yang melayang  
 sepanjang trotoar  
 di sana gebyarnya lampu-lampu jalan  
 seperti sedang dipasang suatu permasalahan  
 jika malam dan siang  
 tidak hanya masalah gelap atau terang  
 sewaktu-waktu napas-napas lama  
 bisa bangun  
 bergerak memilah makna impian  
 yang merambat sepanjang rambut  
 jika lepas hanya bisa dimasukkan  
 dengan hatinya sendiri-sendiri

suara kokok ayam jago membelah batas antara malam  
 dan pagi  
 di sebelah timur tampak cahaya terang  
 pemberian-Nya  
 seketika membangkitkan hati yang rapuh  
 bertahun-tahun melewati hari hampa penuh cobaan

suara kokok ayam jago mengakhiri kemarahannya  
 ulat-ulat yang mengharapakan hijaunya dedaunan  
 dalam hutan jati penuh misteri  
 mengakhiri penderitaan ulat-ulat pisang  
 menggantung kehilangan perhitungan

*swara jago kluruk mbabar  
lumakune crita-crita anyar  
jroning panggung sandhiwara tanpa layar*

suara kokok ayam jago menerangkan  
jalannya cerita-cerita baru  
di dalam panggung sandiwara tanpa layar

### 38. Mapag laire Srengenge

*sawise ana jago kluruk  
esuk  
nalika pang trembesi rame ocehing manuk*

setelah ada jago berkokok  
pagi  
ketika ranting trembesi ramai suara burung

*sawise suket-suket teles ketiban bun-bun  
esuk  
nalika pedhut klawu ngreridhu laku*

setelah rumput-rumput basah kejatuhan embun  
pagi  
ketika kabut kelabu mengganggu perjalanan

*ing sawijining esuk  
aku mbukak lawang pangarep-arep  
ngetung munggah mudhune karep*

di suatu pagi  
aku membuka pintu pengharapan  
menghitung naik turunnya keinginan

*nalika ing cakruk  
wis ora tinemu wong thenguk-thenguk  
nalika ing sdawane laku  
wis ora keprungu swara umuk  
aku mapag laire srengenge  
wangine rambutmu sing ngancani  
nata dina-dina mburi kebak pangaji*

ketika di poskamling  
sudah tidak dijumpai orang yang duduk-duduk  
ketika di sepanjang perjalanan  
sudah tidak terdengar suara kesombongan  
aku menyambut munculnya matahari  
wanginya rambutmu yang menemani  
menata hari-hari selanjutnya yang penuh pengharapan /  
do'a

### 39. Epigram Mangsa Panglong

*aku lan kowe tetela kalah wicaksana  
karo konang ing pategalan  
dheweke luwih tanggap lan bisa maca sasmita  
cecawis colok kanggo miyak petenging wengi  
sing bakal diliwati*

aku dan kamu jelas kalah bijaksana  
dengan konang di tegal-tegal  
dia lebih peka dan bias membaca pertanda  
menyiapkan alat untuk menembus gelapnya malam  
yang akan dilewati

### 40. Sura

*taun anyar sing tanpa swara trompet  
lan kelipnya kembang api  
sing ana mung perban putih  
mbuntel perihing ati  
sing tatu ing mangsa labuh iki*

tahun baru yang tanpa suara terompet  
dan kelipnya kembang api  
yang ada hanya perban putih  
membungkus perihnya hati  
yang luka di musim keempat ini

*swara sing mrojol ing kupingku  
mung swarane angin sore  
sing ngabarake pedhote rante*

suara yang masuk di telingaku  
hanya suaranya angin sore  
yang mengabarkan putusanya rantai



*sadurunge rodha panjangka  
gumlindhing tatas nuntasake sesanggeman  
crita sepi wis wancine ditinggal  
ing bang wetan wis katon cahya sumunar  
tandha yekti crita anyar bakal kababar*

sebelum roda harapan  
berputar penuh menyelesaikan kesanggupannya  
cerita sepi sudah saatnya ditinggal  
di sebelah timur sudah terlihat cahaya bersinar  
tanda nyata cerita baru akan digelar

#### 41. Keluk Rokok

*sawangen keluk rokok sing mumbul menek langit  
nggawa reroncenku  
sing durung kober dak pulas  
mawa werna jingga  
parandene wis dadi kabar  
sinebar mbok bakul sinambi wara  
dadi pawarta mirunggan sadawane dalam*

lihatlah asap rokok yang naik memanjat langit  
membawa rancanganku  
yang belum sempat ku warnai  
dengan warna jingga  
malah sudah menjadi kabar  
tersebar oleh penjual ke mana-mana  
menjadi kabar khusus sepanjang jalan

*sawangen keluk rokok sing mumbul menek langit  
nyangking crita carangan  
sing panase ngembari srengenge  
gawe garinge oyot-oyot lumut  
sing nyoba nintingi werdining urip  
ing watu item kebak panganggit*

lihatlah asap rokok yang naik memanjat langit  
membawa cerita karangan  
yang panasnya menyamai matahari  
membuat keringnya akar-akar lumut  
yang mencoba memilah makna hidup  
di batu hitam penuh gagasan

*sawangen keluk rokok sing menek langit  
ngronce maewu-ewu crita sore  
sing durung karuwan kapan tancep kayone*

lihatlah asap rokok yang memanjat langit  
merangkai beribu-ribu cerita sore  
yang belum tentu kapan berakhirnya

#### 42. Tatuning Jaman

*lilalana aku ngonceki tresna  
sing gumlethak ing sangisore wit cemara  
senajan bumi bengkah tangis kutah  
lan abure manuk podhang kedhungsangan  
kelangan pencokan  
nanging apa iya kabeh kudu salin slaga  
dadi singa awulu domba ngendelake landheping  
suing  
kekering panguwasa  
ngalor ngidul ngronce tembung lelamisan  
njaremake tatune jaman?*

relakan aku mengupas cinta  
yang tergeletak di bawah pohon cemara  
walaupun bumi bengkah tangis tumpah  
dan terbangnya burung kepodang tertatih-tatih  
kehilangan tempat hinggap  
namun apa iya semua harus berubah wujud  
menjadi singa berbulu domba mengandalkan tajamnya  
suing  
tolak ukur penguasa  
kesana kemari merangkai kata bualan  
menyangatkan luka jaman?

*lilalana kau nintingi tresna  
sing sumebar sadawane wedhi putih sadawane  
pesisir  
senajan sumilire angin wis ora nyangking*

relakan aku memilah cinta  
yang tersebar sepanjang pasir putih sepanjang  
pantai  
meskipun semilirnya angin sudah tidak membawa

*gendhing-gendhing dolanan naging apa iya  
kabeh kudu tiwikrama wujud denawa  
nggadhang dumadine grahanan ngabangake  
tatune jaman?  
lilalana aku nyangkok winih tresna  
sing thukul ing antarane alang-alang  
ngrangsang  
ngelak tumetese banyu udan  
sapa ngreti esem ngujiwate kena kanggo  
nambani  
tatune jaman  
sing saya suwe katon abang mlerah ngucemake  
lembaran sejarah*

#### 43. Layang Ketiga

*dak kirim layang ketiga warna jingga  
marang wangine kuthamu  
muga bisa kok mangerteni sambate ati nela  
sing ora bakal teles siniram  
udan kiriman  
pancen seprana-seprene pijer dadi lakon  
tutwuri gremete karep sing kala-kala  
kudu mlaku  
lumawan iline banyu*

*iki sambat sebut suluk pathet sanga  
sing kebacut ajur katindhes wengise crita  
senajan ora duwe karep jaluk kawelasan  
nanging cukup dadi tengara  
yen dalam sidhatan iki  
dudu pungkasan kanggo sawijining  
pangumbaran*

#### 44. Monolog maret

*rambutmu teles, atiku kekes  
nyalami grimis sing mungkasi  
mangsa rendheg taun iki  
wis ora ana maneh tresna sing kentir  
ing ulegane banjir  
aku lan kowe  
ngadeg dhewe-dhewe  
ing sandhuwure lemah bengkah  
mung ijone suket sing isih bisa rumaket  
nyawiji tumetese bun tumrap ati nela*

irama-irama permainan tapi apakah  
semua harus berubah wujud menjadi raksasa  
menanti terjadinya gerhana memerahkan  
luka zaman?  
relakan aku mencangkok benih cinta  
yang tumbuh di antara ilalang  
kelaparan/kehausan  
haus tetesannya air hujan  
siapa tahu senyim yang tersungging dapat untuk  
menyembuhkan  
luka zaman  
yang semakin lama terlihat merah memucatkan  
lembaran sejarah

ku kirim surat kemarau warna jingga  
pada wanginya kotamu  
semoga bisa kau mengerti keluhnya hati kering  
yang tidak akan basah disiram  
hujan kiriman  
memang selama ini hanya menjadi lakon  
mengikuti jalannya keinginan yang kadang-kadang  
harus berjalan  
melawan aliran air

ini keluhan suluk pathet sanga  
yang terlanjur hancur tergilas sadisnya cerita  
walaupun tidak memiliki keinginan meminta belas  
namun cukup menjadi tanda  
jika persimpangan jalan ini  
bukan akhir untuk suatu  
pengembaraan

rambutmu basah, hatiku dingin  
menyalami gerimis yang mengakhiri  
musim hujan tahun ini  
sudah tidak ada lagi cinta yang gila  
di genangan banjir  
aku dan kamu  
berdiri sendiri-sendiri  
di atas bongkahan tanah  
hanya hijau rumput yang masih bisa akrap  
bersatu dengan menetesnya embun untuk hati yang

*mangsa ketiga  
sedheng rasa kangen wis ilang  
kabuncang angin, embuh tibane  
ora karuwan kapan baline*

hampa musim kemarau  
sementara rasa rindu sudah hilang  
tertiup angin entah jatuhnya  
tidak pasti kapan pulangnya

#### 45. Ing Samburine Kelir

*swara gamelan wis ngumandhang, dhalang wiwit  
janturan  
ing mburi pakeliran ana crita carangan  
kang lagi bae dikarang dening lintang lan  
rembulan*

suara gamelan sudah berkumandang, dalang mulai  
bercerita  
di belakang pewayangan ada cerita karangan  
yang baru saja dikarang oleh bintang dan  
rembulan

*irama gendhing wis ngancik pathet sanga,  
dhalang nyandra kasulistiyane wara sembadra  
ing mburi pakeliran lintang lan rembulan  
nembang asmaradana  
gunungan kajunjung diobahake munggah mudhun  
tancep kayon  
ing mburi pakeliran lintang lan rembulan  
wus ora katon  
ing salemba kertas tilas buntel kacang kang  
mentas dianggo lungguhan katon ana tulisan  
:”idhe lungit wis kaanggit  
crita anyar bakal kababar”*

irama gending sudah sampai pathet \_embilan,  
dhalang mengibaratkan kecantikannya sembadra  
di belakang pewayangan bintang dan rembulan  
melagukan tembang asmaradana  
gunungan diangkat digerakkan naik turun  
tancap kayon  
di belakang pekeliran bintang dan rembulan  
sudah tidak kelihatan  
di selemba kertas bekas membungkus kacang yang  
baru saja dipakai duduk terlihat ada tulisan  
:” ide bagus sudah tercipta  
cerita baru akan tergelar”

#### 46. Tapel Wates

*esuk iki esemmu pecah  
kaya kudhup melathi mbabar ganda wangi  
kaya pletheking srengenge sumadya ngedum  
sunare  
awit ombak ing pesisir palang wis aweh  
pralambang  
yen anggonmu ngangsu kawruh sinambi mesu budi  
wis tekan titi purnaning gati  
ocehing kepodhang ing wit-witan  
melu manembrama njampangi lakune siswa  
kinasih  
kang lulus pendadaran*

pagi ini senyummu pecah  
seperti kuncup melati menyebarkan bau wangi  
seperti munculnya matahari yang siap membagikan  
sinarnya  
karena ombak di pantai tandus sudah memberi  
pertanda  
jika olehmu menuntut ilmu sambil mengolah budi  
sudah sampai waktu akhir perjalanan  
suara kepodang di pepohonan  
ikut menyanyikan lagu mgiringi perjalanan siswa  
kesayangan  
yang lulus ujian

*esuk iki sliramu tumapak ing kene  
ing tapel wates  
mitra rowang sing sakawit gandhengan tangan*

pagi ini kamu menapak di sini  
di perbatasan  
teman yang sejak bergandeng tangan

*titi mangsa iki kudu sewang-sewangan  
ati emoh pisah  
nanging sikil kudu tetep jumangkah  
kanggo ngoyak jangkaning sejarah  
pisah dudu pratandha enteking tresna  
iki mung laku murih kelakon sawijining lakon*

saat ini harus *berpisah*  
hati enggan berpisah  
namun kaki harus tetap melangkah  
untuk mengejar perjalanan sejarah  
berpisah bukan pertanda habisnya cinta  
ini hanya perjalanan demi tercapai suatu babak

#### 47. Tugu Pahlawan

*angen-angenku ngumbara mencok ing tugu  
pahlawan  
nyawang papan gogroge kembang  
puluhan taun kapungkur  
sing ganda arume isih ngambar nganti seprene  
angen-angenku ngumbara mencok ing tugu  
pahlawan  
surabaya katon ngegla dalam dalam padhet  
kendharaan  
ing kene  
awan lan bengi wis ora ana bedane rame  
gumerite  
angkutan ngusung arak-arakan buruh pabrik  
kaya lagon lawas semut ireng golek ambeng*

angan-anganku berkelana hinggap di tugu  
pahlawan  
melihat tempat jatuhnya bunga  
puluhan tahun yang lalu  
yang wanginya masih tercium sampai sekarang  
angan-anganku berkelana hinggap di tugu  
pahlawan  
Surabaya terlihat jelas jalan jalan padat kendaraan  
di sini  
siang dan malam sudah tidak ada bedanya  
ramainya  
angkutan membawa arak-arakan buruh pabrik  
seperti lagu lama semut hitam mencari napas

*saka kadohan dak ungak wengine ketintang  
atiku nate perih ing kana  
nalika ngrajut bolah sutra werna jingga  
angen-angenku ngumbara mencok ing tugu  
pahlawan  
melu dadi seksi yen urip iki patembayatan*

dari jauh ku-longok malamnya Ketintang  
hatiku pernah perih di sana  
ketika merajut benang sutera berwarna jingga  
angan-anganku berkelana hinggap di tugu  
pahlawan  
ikut menjadi saksi jika hidup ini bergotong-  
royong

#### 48. Epigram rasa

*saiki dheweke enthung  
nulad kesabarane angin  
nglalekake ijone gegodhongan  
jroning napas kebak panggadhang  
tuwuhing owah-owahan*

sekarang dia ulat  
meniru kesabarannya angin  
melupakan hijaunya dedaunan  
di dalam napasnya penuh harapan  
tumbuhnya perubahan